# Is júrgiziwdi jetilistiriw boyınsha qaraqalpaq tilinde qollanbalar islep shıǵıw hám kóp nusqalarda baspadan shıǵarıw ayrıqsha ámeliy áhmiyetke iye

Is júrgiziwdi jetilistiriw boyınsha qaraqalpaq tilinde qollanbalar islep shıǵıw hám kóp nusqalarda baspadan shıǵarıw ayrıqsha ámeliy áhmiyetke iye.

Usı zárúrlikten kelip shıǵıp hám keń jámiyetshiliktiń pikir-usınısları boyınsha 2021-jılı Mámleketlik tildi rawajlandırıw departamenti buyırtpası menen Álisher Nawayı atındaǵı Tashkent mámleketlik Ózbek tili hám ádebiyatı universiteti janındaǵı mámleketlik tilde is júrgiziw tiykarların oqıtıw hám qánigeligin arttırıw orayınıń Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq bólimi professor-oqıtıwshıları tárepinen latın jazıwına tiykarlanǵan qaraqalpaq tilinde tayarlanǵan **«Mámleketlik tilde is júrgiziw»** ámeliy qollanbası Ózbek tilin rawajlandırıw fondı qarjıları esabınan **1000 nusqada** baspadan shıǵarılǵan edi. Jaqında usı ámeliy qollanba jáne **1000 nusqada** shıǵarılıp, keń jámiyetshilikti quwanıshqa bóledi.

Bul qollanbada mákeme hám shólkemlerdiń is júrgiziw jumısında eń kóp qollanılatuǵın hújjetler, olardı dúziw tártip-qaǵıydaları máselelerine toqtalıp, olar tiyisli úlgiler menen kórsetilgen. Qollanba, birinshi gezekte, kárxana, mákeme hám shólkem basshıları hám xızmetkerlerine, basqarıw xızmetinde tikkeley hújjet ústinde islewshiler, xatker-referentler, kadrlar jumısı xızmetkerlerine arnalǵan, sonıń menen birge, onnan esapshılar, ádillik másláhátshileri, auditorlar, menedjerler de paydalanıwı múmkin.